

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Kecap méthode asalna tina kecap *methodos* (basa Latén). Sedeng kecap *methodos* asalna tina kecap *meta* jeung *hodos*. Anapon kecap *meta* hartina ngaliwatan, nuturkeun, jeung sanggeus, sedeng kecap *hodos* mibanda harti jalan, padika, jeung arah. Sacara umum, metode miboga harti padika, tarékah, stratégi pikeun maham *realitas* (kanyataan), sarta léngkah-léngkah sistematis pikeun ngungkulan runtuyan sabab-akibat (*kausalitas*). Salian ti éta, minangka alat, méthode mibanda fungsi pikeun ngungkulan pasualan dina panalungtikan (Ratna, 2013, kc. 34).

Dina enas-enasna, méthode téh minangka léngkah ngahontal hiji udagan panalungtikan sangkan nyangking hasil nu gemet tur gembheng. Ku kituna, unggal panalungtikan baris merlukeun méthode anu luyu jeung objék panalungtikan, sarta udagan nu hayang dihontal.

Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *deskriptif-analitik*. Ieu méthode dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta anu saterusna baris dianalisis. Sacara etimologis, istilah deskripsi jeung analisis teu sakadar miboga harti ngadadarkeun, tapi dibarengan ku maham tur mampuh méré pedaran nu gembheng (Ratna, 2013, kc. 53).

Objék nu baris ditalungtik nya éta novel *Saéni* karangan Hadi AKS. Sedeng metode nu digunakeun nya éta méthode *deskriptif analitik*. Ieu metode dipilih lantaran luyu jeung objék nu ditalungtik, nya éta novel *Saéni* nu ngagambarkeun kaayaan sosial masarakat, sarta pamarekan sosiologi sastra nu nalungtik aspék sosiologi dina karya sastra tur masarakat pangarangna. Anapon anu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nya éta aspék sosiologi pangarang, sosiologi karya sastra, jeung sosiologi sastra pamaca dina novel *Saéni* karangan Hadi AKS.

Métode *deskriptif-analitik* dina ieu panalungtikan ngaliwatan tilu léngkah di handap.

1. Nangtukeun tatapakan téoritis.
2. Néangan sumber-sumber fakta, boh lisan boh tulisan, pikeun ngarojong panalungtikan.
3. Nganalisis objék panalungtikan, dumasar kana sumber-sumber faktana.

3.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik minangka alat dina panalungtikan, miboga sipat konkret. Sedeng minangka instrumén panalungtikan, téhnik bisa dipaluruh sacara indrawi (Ratna, 2013: 37). Luyu jeung métode anu digunakeun, ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik dokuméntasi, jeung wawancara. Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun néangan data anu raket patalina jeung pangaweruh ngeunaan sastra, téhnik analisis data dipaké dina prak-prakan nganalisis jeung milah-milih data anu kapanggih dina sumber data, nya éta novel *Saéni* ngagunakeun pamarekan sosiologi sastra.

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina téhnik ngumpulkeun data, aya sawatara léngkah anu dilakukeun saperti ieu di handap:

- 1) milah jeung milih data; sarta
- 2) ngolom-ngolomkeun data.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data, panalungtik ngagunakeun téhnik analisis data. Sabada data dikumpulkeun, data diolah ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap:

- 1) niténan deui data anu geus dikumpulkeun;
- 2) milihan sawatara novel anu dianggap raket patalina jeung data anu geus dikumpulkeun;
- 3) nganalisis novel anu geus dipilih, dumasar kajian sosiologi sastra; jeung

4) ngadéskripsikeun, nafsirkeun, tur nyindekkeun data anu geus diolah.

3.3 Sumber Data

Anu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan nya éta novel karyana Hadi AKS, judulna *Saéni* citakan anu ka-2, diterbitkeun ku penerbit Kiblat Buku Utama. Laju ditalungtik jeung dipedar kondisi masarakat dina éta carpon, kondisi masarakat pangarangna, pangarang jeung masarakat anu maca karangan Hadi AKS.

Masarakat dina ieu panalungtikan nya éta masarakat anu boga pamahaman, sarta interprétasi ngeunaan karya sastra anu boga ajén ngaliwatan média massa, jeung individu anu bisa dijadikeun sumber panalungtikan. Éta masarakat téh bisa disebut masarakat sastra nu diwakilan ku sastrawan jeung kritikus.

3.3.1 Idéntitas Novel *Saéni*

Novel *Saéni* téh minangka novel munggaran karangan Hadi AKS, anu diterbitkeun ku Grafindo Media Pratama taun 2007. Saterusna ieu novel diterbitkeun deui ku Kiblat Buku Utama bulan Maret taun 2014, kalawan panganteur Teddi Muhtadin. Ieu novel kandelna 151 kaca, kaasup idéntitas pangarang, sasakala carita (panganteur pangarang), sarta panganteur Teddi Muhtadin. Jilidna dipasieup ku lukisan warna biru nu dirarancang ku Ésti Lestarini.

Saméméh diterbitkeun, ieu novel kungsi dilélér pinunjul kahiji pasanggiri ngarang novel Hadiah Sastra Oeton Moechtar nu diayakeun ku majalah *Manglé* taun 2000-2001. Pinunjulna mangrupa 3 pinunjul satata. Salian ti novel *Saéni*, pinunjul kahiji satata séjénna nya éta novel *Sandékala* karangan Godi Suwarna, jeung novel *Ujay Kodok* karangan Tatang Sumarsono. Saterusna novel *Saéni* dimuat jadi carita nyambung dina majalah *Manglé* taun 2002.

3.3.2 Ringkesan Carita Novel *Saéni*


Novel *Saéni* nyaritakeun ngeunaan tokoh Ijan nu katarik ka Nyi Saéni, sripanggung ubrug Bénhur. Malah Ijan milu nganteurkeun Nyi Saéni ka Gunung Keneng. Tapi Ijan saterusna ngarasa tugenah, lantaran Nyi Saéni kaburu dipihukum ku tokoh bapa nu geus lila jadi duda. Cindekna, Nyi Saéni téh jadi indung téré Ijan. Ijan ngarasa bapa téga megatkeun duriat anak, tepi ka Ijan mindeng kabur ti imahna.

Sabada Nyi Saéni ngalilipur haté Ijan, ti harita Ijan bisa narima kanyataan. Basa Nyi Saéni keur kakandungan, tur bapa geus lawas tu mulang, duriat Ijan bet kahudang deui, lantaran di imah ukur aya Ijan jeung Nyi Saéni. Laju teu lila Nyi Saéni kaguguran, nya ti harita bapa ampleng-amplengan ngalaut, tepi ka kabéjakeun tilar dunya.

Sanggeus ditilar ku bapa, Nyi Saéni dibawa ku Ki Cindul, pupuhu kasenian ubrug ka Gunung Keneng sangkan Nyi Saéni jadi sripanggung deui. Ijan gé milu nuturkeun Nyi Saéni ka Gunung Keneng, lantaran Ijan di imah mindeng gering. Tapi duriat Ijan angger baé teu bisa laksana, sabab Saéni kaburu dikawin ku Ki Baidin, jawara di éta wewengkon. Tungtungna Ijan mulang deui ka lemburnna.

Gambar 3.1

Cover Buku Novel *Saéni*



3.4 Wangenan Operasional


Sangkan leuwih jéntré, perlu didadarkeun sababaraha wangenan nu ditulis jadi wangenan operasional di handap.

- 1) Sosiologi sastra nya éta pamarekan anu nalungtik hubungan antara karya sastra jeung masarakatna. Masarakat dina ieu panalungtikan diwakilan ku masarakat pangarangna, anu maca éta karya ngaliwatan média, hususna kritikus nu nulis kritik dina média cetak jeung éléktronik (internét).
- 2) Strukturalisme genetik miboga pamadegan yén struktur karya sastra téh moal leupas tina faktor-faktor sosial anu mangaruhan karya sastra.
- 3) Novel *Saéni* minangka novel karangan Hadi AKS anu munggaran. Dina ieu novel, eusina euyeub ku unsur-unsur lokalitas basisir wewengkon Banten, sarta téma-témamana dalit jeung kaayaan sosial. Salian ti éta, eusina ogé ngagambarkeun masalah hubungan antara bapa, indung téré, jeung anak téré.

3.5 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah panalungtikan, nya éta: (1) tatahar; (2) ngumpulkeun data; (3) nganalisis data; (4) nyieun kacindekan; jeung (5) nyusun laporan panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré, tahap léngkah panalungtikan di luhur baris dijieun bagan di handap.

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan



3.6 Instumen Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (1998: 147) instumén nya éta alat bantu nalika panalungtik ku cara ngagunakeun hiji téhnik panalungtikan. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) pedoman wawancara, dilakukeun pikeun maluruh jeung nguatkeun data ti pangarang; jeung
- 2) kartu data data digunakeun pikeun ngababarikeun milih data nu kapanggih tina téks sumber data panalungtikan.

Tabél 2
Conto Kartu Data

PRAYOGA ADIWISASTRA
ASPÉK SOSIOLOGI SAS
Universitas Pendidikan

1. No.....
2. Aspék sosiologi sastra nu kapanggih.....
3. Sempalan carita.....
4. Palaku.....
5. Kaca.....

